



PWOSE VÈBAL KOMITE BOSTON SCHOOL YO GWOUP ENTÈVANSYON EGZAMEN ADMISYON LEKÒL YO

mardi 16 mars 2021

Gwoup Entèvansyon Egzamen Admisyon nan Lekòl Komite Boston School te fè yon reyinyon adistans 16 Mas 2021 a 5 p.m. sou Zoom. Pou plis enfòmasyon sou eleman ki enimerè anba yo, vizite <https://www.bostonpublicschools.org/esataskforce>, voye imel feedback@bostonpublicschools.org oubyen rele Biwo Komite Boston School la nan (617) 635-9014.

PREZANS

Manm Gwoup Entèvansyon Egzamen Admisyon nan Lekòl yo ki Prezan: Ko-Prezidan Michael Contompasis; Ko-Prezidan Sullivan; Samuel Acevedo; Matt Cregor; Tanya Freeman-wisdom; Katherine Grassa; Zena Lum; Zoe Nagasawa; Rachel Skerrit; Rosann Tung; epi Tamara Wait.

Manb Gwoup Entèvansyon Egzamen Admisyon nan Lekòl yo ki Absan: Acacia Aguirre.

Pèsonèl BPS ki prezan: Monica Roberts, Chèf Elèv yo, Avansman Fanmi ak Kominote a, ak Monica Hogan, Direktè Egzekitif Prensipal Biwo Done ak Responsabilite.

DOKIMAN YO TE PREZANTE

[Agenda](#)

[Pwosè Vèbal Reyinyon an: 10 Mas 2021](#)

[Prezantasyon: Admisyon nan Lekòl ki Selektif yo: Opsyon pou Divèsite](#)

OUVÈTI SEYANS LAN

Madam Parvex te fè apèl telefonik. Madam Aguirre te absan. Mesye Acevedo te entegre reyinyon an nan mwens pase yon minit aprè apèl la. Doktè Tanya Freeman-Wisdom te entegre reyinyon an senk minit pi ta. Tout lòt manm yo te prezan.

Mesye Contompasis te bay siyal pou reyinyon an kòmanse. Li te anonse ke gen sèvis entèpretasyon similtane ki te disponib nan espanyòl, kreyòl ayisyen, kap vè, vyetnamiyen, kantonè, mandaren, pòtigè, somali, arab, ak lang siy ameriken (American Sign Language, ASL); entètèprèt yo pral prezante tèt yo epi bay enstriksyon nan lang matènèl yo sou kijan pou aksede ak entèpretasyon similtane nan chanje chanèl Zoom nan.

APWOBASYON PWOSE VÈBAL REYINYON AN: 10 Mas 2021

Apwouve – Tout Gwoup Entèvansyon an te apwouve a inanimite pwosè vèbal 10 Mas 2021 an. Reyinyon Gwoup Entèvansyon Egzamen Admisyon nan Lekòl yo

PREZANTASYON

Mesye Contompasis te prezante epi te remèsye prezantatè sware a, Doktè Sean P. Corcoran, Pwofesè Asosye Politik Piblik ak Edikasyon nan Peabody College, Vanderbilt University. Doktè Corcoran se yon otè yon etid Admisyon nan lekòl segondè espesyalize nan New York City (NYC) ki rele "Pathways to an Elite Education (Chemen pou yon Edikasyon Elit): Aplikasyon, Admisyon, ak Enskripsyon nan Lekòl Segondè ki Espesyalize yo nan New York City yo.»

Prezantasyon Doktè Corcoran nan se te "Admisyon nan Lekòl ki Selektif yo: Opsyon pou divèsite". Li te esplike diferan rezon pou lekòl segondè ki gen admisyon selektif yo egziste. Li te prezante diferan kritè ki itilize pou admisyon, ak divès tip priyorite admisyon. Li te esplike kijan chwa kritè admisyon yo lye ak divèsite e ak reprezantasyon epi te bay egzanp divès lekòl segondè filtre ak espesyalize nan NYC, egzamen lekòl nan Boston yo ak lekòl espesyalize yo nan Chicago. Li te konkli prezantasyon an nan konekte chak kritè admisyon yo ak objektif divèsite epi te diskite pou ak kont chak kritè.

Madam Sullivan te envite manm yo pou poze kesyon. Madam Skerit te poze kesyon sou metòd olistik pou admisyon yo epi si te genyen divès gran distri ki te genyen admisyon sibjektif nan nivo yon distri. Doktè Corcoran te reponn ke tout metòd olistik yo pou admisyon li te konnen te baze sou lekòl epi non sou distri. Mesye Acevedo te vle konnen ki pwosesis kominote ki te sanble ak pwosesis kominote nan Chicago avan refòm admisyon yo. Doktè Corcoran te refere ak yon rapò ki soti nan Century Foundation ki te kapab ede; Mesye Cregor te mansyone Gwoup Entèvansyon an te kontakte Century Foundation pou jwenn plis enfòmasyon sou diferan lekòl. Mesye Tung te mande si genyen yon sèten tip tès ki pèmèt pou reponn ak plis kritè divèsite, ak si te genyen divès distri ki pa te itilize tès pou lekòl segondè selektif yo. Doktè Corcoran te reponn ke li pa te kapab panse ak okenn lekòl san tès, ajoute sou baz similasyon li, t'ap genyen yon pi bon rezilta nan pase a yon evalyasyon nan echèl eta olye de tès volontè yo. Li te ajoute ke li te favorab ak pou yon siprime moso volontè a pandan tès la. Mesye Grassa te poze kesyon sou fason altènatif yo te evalye elèv yo san yo pa genyen yon enkonvenyan oubyen avantaj pou elèv espesifik yo. Doktè Corcoran te di anpil lekòl nan New York te itilize divès fason altènatif, men se kòm si se yon sistèm ki plis desantralize, li pi difisil pou wè done sou-jasant yo ki antre nan desizyon admisyon yo. Madam Lum te mande si te genyen yon enterè kèlkonk pou egzamine sa ki t'ap pase nan paplayn nan pou admisyon yo. Doktè Corcoran te rekonèt ke se te yon eleman

enpòtan epi te pale sou enpòtans pou genyen divès opòtinite disponib pou tout elèv yo nan pi jèn laj yo.

Mesye Contompasis te mande si sistèm nivo Chicago a te rive bay rezilta ak yon apwòch satisfèzan. Doktè Corcoran te di li pa t panse te genyen anpil chanjman nan kategorizasyon nivo yo epi yo ta dwe satisfè. Madam Nagasawa te poze kesyon konsènan yon kòmantè ke selon li menm Chicago te kapab ogmante divèsite san redui selektivite a avèk divès ajisteman minè. Li te vle konnen sa ajisteman minè sa yo ta kapab ye. Dr. Corcoran te esplike ke pi gwo chanjman yo se te itilizasyon antesedan endividyèl elèv yo. Li te esplike kèk nan faktè ki ta kapab jwe kont sistèm nivo a, tankou jantrifikasyon. Madam Tung te mande si li te konnen lòt distri ki itilize evalyasyon MAP ak sa rezilta yo te ye. Madam Hogan te reponn ke Chicago, Nashville, ak Kansas City tout te itilize evalyasyon MAP.

Madam Sullivan te mande si BPS ta pral travay avèk NWEA pou konsevwa yon evalyasyon ki te konfòm avèk pwogram etid BPS la. Madam Hogan te reponn ke li pa t espesyalman konsevwa pou Boston men se te yon tès adaptatif nan enfòmatis. Madam Grassa te deklare ke tès la konfòm avèk nòm eta yo ki anseye nan BPS, pa pwogram etid lan. Li te ajoute tou li pa t itilize pou objektif evalyasyon pèfòmatis. Madam Sullivan te deklare ke majorite nan distri yo te genyen swa yon tès estandartize swa yon lòt fòm evalyasyon pou etabli adekwasyon akademik lan.

Mesye Contompasis te remèsye Doktè Corcoran pou prezantasyon li an epi te rekòmande yon dokiman rechèch ki te kapab enterese Gwoup Entèvansyon an: *Divèsite Rasyal ak Mezi Merit: Prèv Egzamen Admisyon nan Lekòl pa Rucinski, M., & Goodman, J. (gen pou vini).*

KÒMANTÈ PIBLIK LAN AN JENERAL

- Sharon Hinton, paran ak edikatis nan Hyde Park, te temwanyen konsènan odyans tribinal la, sansibilizasyon pou angajman kominotè ak konsènan vwa elèv yo.
- Somy Kim, paran nan Mattapan, Mildred K-8 ak Boston Latin Academy, te temwanyen an favè kritè kòd postal la nan pwosesis admisyon an.
- Edith Bazile, paran nan Dorchester, te temwanyen an favè chanje pwosesis admisyon an.
- Darragh Murphy, rezidan ak avoka kominotè nan Dorchester, te temwanyen kont kritè kòd postal la pou admisyon yo.
- Sarah Zaphiris, paran West Roxbury, te temwanyen an favè tès MAP la.
- Sarah Grandfield, rezidan nan West Roxbury ak ansyen elèv BPS, te temwanyen kont kritè kòd postal la pou admisyon yo.
- Domingos Darosa, rezidan Hyde Park ak ansyen elèv BPS, te temwanyen konsènan edikasyon de kalite pou tout elèv yo ak an favè yon sistèm ibrid pou admisyon an.
- Joy McDonald, paran, te temwanyen kont kritè kòd postal la ak an favè yon politik admisyon transparan.
- Nancy Minucci, rezidan South Boston ak diplome nan BPS, te temwanyen konsènan fristrasyon li avèk pwosesis la.

- Jess Madden-Fuoco, rezidan Hyde Park, paran Hernandez, ak Kotch Transfòmasyon Ansèyman Wo Nivo Nan Anglè, te temwanye an favè modifikasyon pwosesis admisyon an.
- Elaine Conroy, paran nan West Roxbury, te temwanye kont kritè kòd postal la ak an favè edikasyon de kalite pou tout moun.
- Phuong Nguyen, paran Dorchester, te temwanye kont kritè kòd postal la.

KÒMANTÈ POU KONKLI

Madam Sullivan te mande manm yo fè dènnye kòmantè yo. Mesye Acevedo te ankouraje moun yo pou temwanye pou founi temwanyaj alekri. Madam Skerit te mande Gwoup Entèvansyon an pou egzamine defi yo lè nou nan dezyèm ane pandemi an. Madam Tung te mande manm yo pou jwenn de atik ki te mansyone pa Doktè Corcoran. Madam Lum te vle konnen si lekòl Chicago ak New York yo te endike ke eka tès yo pa t enpòtan menm jan ak nan Boston epi si faktè sa yo ta konsidere pou manm sa yo.

Madam Sullivan te raple manm yo ke yo ta pral genyen divès ekspè ak konferansye pou pale sou pwosesis admisyon selektif yo nan lòt pati peyi a. Li te deklare aprè li fin tande kominote a, li te preyokipe de enfòmasyon ki pa kòrèk ki ta kapab deyò kominote a konsènan politik aktyèl egzamen admisyon nan lekòl yo. Li te ankouraje BPS pou klarifye enfòmasyon sou politik tanporè a. Li te ekspriye preyokipasyon lefètke dezenfòmasyon an t'ap divize kominote a epi t'ap drese yon gwoup rasyal youn kont lòt, epi li te mete aksan sou enpòtans pou edike kominote a nan pwosesis tanporè a. Li te repete ke objektif li antan ke ko-prezidan se pa pou pèmèt divizyon enstale nan Boston.

Mesye Contompasis te di li te twouble dèske te genyen konfizyon sou rekòmandasyon yo. Li te kwè ke kèlkeswa rekòmandasyon ki te fòmile yo, kominote a dwe okouran de rekòmandasyon yo avan yo prezante ak Komite Lekòl la. Madam Sullivan te ankouraje kominote a pwofite de peryòd kòmantè piblik la pou fòmile divès rekòmandasyon politik konstruktif ak Gwoup Entèvansyon an. Lè yo refere ak yon konferansye, Mesye Contompasis te di ke se pa t wol Gwoup Entèvansyon an pou bay yon mizajou sou pwosè tribinal ki ankou an. Madam Sullivan te dakò raple piblik ka responsablite Gwoup Entèvansyon an te espesifikman lye ak yon redaksyon yon nouvell politik admisyon pèmanan. Mesye Acevedo te sigjere kreyasyon yon fich enfòmasyon sou nati travay yo ki ta klarifye fè yo. Madam Sullivan te remèsye prezantatè a, piblik la, ak entèprèt yo.

SINEDYE

Nan anviwon 7:10 p.m., Komite a te vote a inanimite, pa yon apèl telefonik, pou repòte reyinyon an.

Ateste:

Reyinyon Adistans Gwoup Entèvansyon Egzamen Admisyon nan Lekòl yo
Zoom
mardi 16 mars 2021



Lena Parvex
Asistan Administratif